



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKSYON ADISYONÈL POU SIPÒTE DEVLOPMAN KONPAYI MARIWANA MEDIKAL AK CHANV ENDISTRIYÈL NAN NEW YORK

Gouvènè a Mandè Depatman Sèvis Finansye pou Ankouraje Bank ki Otorize nan Eta New York a Kès Kowoperativ Pou Ofri Sèvis Bankè Pou Sa ki nan New York Ki se Biznis ki Reglemante nan Kesyon Mariwana Medikal ak Chanv Endistriyèl

DFS Pa Pral Enpoze Aksyon Regilatwa Kont Pyès Bank oubyen Kès Kowoperativ ki Otorize nan New York Pou Etabli Relasyon Bankè ak Konpayi Ki Lye Ak Mariwana Medikal Ki Respekte Lwa Federal ak Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a aksyon adisyonèl pou sipòte devlopman biznis mariwana medikal ak chanv endistriyèl nan New York, lè li mande Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) pou ofri [direktive](#) pou sipòte apo sèvis bankè ki ansekirite ak bon kalite pou biznis sa yo. Direktive DFS yo pibliye jodi a ankouraje bank ki otorize nan Eta New York ak kès kowoperativ pou konsidere etabli relasyon bankè ak biznis ki lye ak mariwana medikal ki ap opere nan New York ki respekte totalman tout lwa ak règ ki aplikab nan Eta New York, sa enkli Lwa sou Swen ak Konpasyon (Compassionate Care Act) nan New York, ak lòt regleman ki aplikab ak kondisyon Depatman Sante (Department of Health) nan Eta New York. Direktiv jodi a ankouraje tou bank ak kès kowoperativ yo ki otorize nan Eta New York pou sipòte devlopman biznis chanv endistriyèl nan tout eta a, pou kontinye objektif enpòtan devlopman ekonomik Eta New York la.

“Kapasite pou etabli yon relasyon bankè se yon defi endistri legal yo ap konfronte, ki san parèy”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan gouvènman federal la ap kontinye simen latwoubay konsènan biznis mariwana medikal ak chanv endistriyèl, New York ap fè pwogrè enpòtan nan kreye yon anviwònman ki sipòte devlopman ekonomik ak regilatwa pou konpayi sa yo.”

“Pandan gouvènman federal la ap iyore reyalyte benefis mariwana medikal ak chanv endistriyèl, New York ap sipòte devlopman endistri a ak devlope ekonomi agrikòl nou an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “N’ap koupe biwokrasi ak retire baryè regilatwa pou sipòte biznis ki nan endistri kanabis legal la. Aksyon jodi pou ankouraje relasyon bankè pral ale lwen pou asiste sektè an devlopman sa a nan ekonomi nou an.”

Swen sante ak swen pasyan se domèn kote se eta yo ki tradisyonèlman reglemante yo. An rekonesans devan benefis medikal ki demontrab pou mariwana, New York ap pran yon apwòch konpasyon pou swen pasyan. Eta a te konsidere dekouvèt chèchè ak pratikan medikal respekte, menm jan ak rapò pasyan ki bezwen pwopriyete inik mariwana medikal yo, lè li pwomilge lwa ki pèmèt opsyon tretman pou endividi ki vrèman malad. Se Gouvènè Cuomo ki te siyen Lwa sou Swen ak Konpasyon nan New York an 2014 pou ofri pasyan yo k ap souffri ak sentòm ak maladi afeblisan pou yo gen aksè ak mariwana medikal, nan kad kondisyon strik ki reglemante atravè Depatman Sante.

Anplis, sou Gouvènè Cuomo, New York rekonèt opòtinite devlopman ekonomik pou kiltivatè ak biznis atravè eta a, lè li pèmèt yo kiltive chanv endistriyèl. Gouvènè Cuomo te siyen lwa a an 2017 pou modifiye lwa New York ki asire yo pral konsidere chanv endistriyèl kòm yon pwodwi agrikòl epi yo pral trete li nan menm fason ak lòt rekòt ak semans.

Depatman Sèvis Finansye okouran anviwònman ensèten nan nivo federal la dekouraje enstitisyon pou yo ofri sèvis finansye bay konpayi ki gen operasyon nan mariwana medikal ak chanv endistriyèl. Paske jiskaprezan yo mete mariwana sou Plan 1 (Schedule I) nan kad Lwa Federal sou Sibstans Kontwole (Federal Controlled Substances Act), biznis ki nan mariwana medikal ak chanv endistriyèl ki ap opere nan respè lwa ak regleman Eta New York kontinye rankontre difikilte pou etabli relasyon bankè lakay enstitisyon finansye ki reglemante yo.

Nan direktiv yo pibliye jodi a, DFS te di enstitisyon ki otorize nan New York li pap enpoze pyès aksyon regilatwa kont kèlkeswa bank oubyen kès kowoperativ ki otorize nan Eta New York paske yo etabli relasyon bankè ak biznis ki lye ak mariwana medikal ki ap opere yon biznis ki respekte lalwa nan New York, depi bank oubyen kès kowoperativ ki otorize nan Eta New York la respekte kondisyon tankou:

- Direktiv Rezo Lit Kont Krim Finansye nan ane (Financial Crimes Network) 2014;
- Direktiv ak priyorite yo te etabli nan memorandòm 2013 Depatman Lajistis (Department of Justice) ki soti nan men Asistan Pwokirè Jeneral James M. Cole; ak
- Li rete sijè a pwòp evalyasyon enstitisyon an sou ris ki asosye nan ofri pwodwi ak sèvis ak kapasite li ak sistèm li pou efektivman jere ris sa yo - tankou tout enstitisyon ki reglemante anba DFS fè nan kad tout relasyon bankè yo.

Sipè-entandan Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo te di, “DFS kanpe prepare pou li travay ak enstitisyon ki otorize nou yo pou ede yo nan avanse pou ede biznis nan New York ki lye ak mariwana medikal ak chanv endistriyèl pou yo opere nan yon fason ki sen-e-sof. Enstitisyon finansye New York yo ta dwe ofri sèvis bankè bay konpayi legal, an akò ak prensip ak pwosedi ki etabli, sa enkli verifikasyon preyalab sou kliyan ak siveyans tranzaksyon. Nan fason sa a, biznis New York yo ka opere pi efikasan anba lalwa pou sèvi moun New York”.

Lwa New York pèmèt yo kiltive chanv endistriyèl epi lwa federal pèmèt plante ak kiltive chanv endistriyèl pou kèk objektik rechèch ki limite. Konsa, direktiv DFS la ankouraje bank ak kès kowoperativ ki otorize nan Eta New York pou sipòte devlopman sa a nan Eta New York la. Direktiv DFS la deklare tout enstitisyon ki chache ofri sèvis finansye bay antite ki deja ap oubyen ki swete angaje nan plante ak kiltive chanv endistriyèl dwe evalye ak verifye elijiblite ak otorite antite a pou patisipasyon nan pwogram rechèch, jan sa otorize nan kad Lwa sou Agrikilti ak Mache nan New York (New York Agriculture and Markets Law). Menm jan ak tout lòt aktivite prete kòb, direktiv DFS la di enstitisyon bankè yo ta dwe etabli ak pratike verifikasyon preyalab apwopriye pou souskripsyon ak sou kliyan yo, sa enkli verifikasyon elijiblite pou pwogram rechèch ak lòt kondisyon ki lye ak lwa federal ak lwa Eta New York.

Kondisyon sa yo rete konsistan ak kondisyon pou lòt biznis legal pou yo resevwa relasyon bankè, ak pou enstitisyon finansye yo opere nan yon fason ki sen-e-sof.

Ou kapab jwenn yon kopi gid la [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)